# Нур

6+

ISSN 0207-6551

9
2018



# Редакторым и псалъэ

Гъэ еджэгъуэщIэм щIэвдзэжащ. Ди ныбжьэгъу цIыкIухэ, фIыуэ феджэ, ехъулIэныгъэ куэд зэвгъэгъуэт, дэ фи сурэт, фи ЩIыхь тхылъхэр «Нурым» къытеддзэнущ.

Япэ дыдэу мы гъэм школ пщIантIэ дыхьэхэм дыволъэIу: ЩIэныгъэм и Iэр быдэу фыубыд! Дэ дывдэIэпыкъунщ. Мы къыдэкIыгъуэм фэр папщIэ а щIэныгъэм и IэпхъуамбипщIыр дгъэджэгунущ, дгъэпсэлъэнущ, дрибжэнущ, театру дгъэлъэгъуэнущ. Гъуэгу махуэ!



*ГУЭНГЪЭПЩ Хьэсэнбий*

## ЩХЬЭХЫНЭ

Къэушащи ихъуреягъыр зэхеплъыхь,
IэштIымитIкIэ и нэ фIыцIэм щIоIуэтыхь.
Йожьэр и анэр къыбгъэдыхьэу ихуэпэну,
Йожьэр нанэ Iэ къыдилъэу игъэшхэну.

Къэтэджами, зитхьэщIыну ар хуэмей,
Псыр тIэкIу щIыIэм, зызэфIишу зыщедзей.
Ауэ щыхъукIэ зэранину хузэфIокI,
Баш иIыгъыу адакъэжьыр къырехуэкI.

ХьэкIэм топкIэ,къугъыу щтапIэ ар йохьэж,
Къуаргъ къилъагъум, къэшынауэ щIолъэдэж.
Школым кIуэнумэ, цIыхуитIым ар яхуапэ,
ПцIыупсынкIэ къыригъэщкъым зыри япэ.

«ТIу» къихьамэ, и дневникыр егъэпщкIуж,
ЕгъэджакIуэм кьилъагъу мыхъуу тхьэ щеIуэж.
Зыщихахэр я фIэдзапIэм фIимыдзэж,
Пщэдджыжь къэскIэ хыфIихуахэр къещыпыж.

Къыфхэмыту пIэрэ, цIыкIухэ, фэ апхуэдэ зы?
КъэфцIыхуамэ, а хьэл Iейр хуэвмыдэ зым!
Школым кIуэну зыхуэфащэр къабзэлъабзэрщ,
Еджэфынур – ар щIэныгъэм зигу хуэкъабзэрщ.

Псалъэхэр ***М. ПЛЯЦКОВСКЭМ***,
макъамэр ***В. ШАИНСКЭМ*** яйщ

# ДИ ЕДЖАПIЭМ




Хьэрфхэр ттхыфу дагъэсащ,
Тхылъ еджэкIэ дагъэщIащ
Ди еджапIэм, ди еджапIэм, ди еджапIэм!
Дэ щIэныгъэм хэдгъэхъуащ,
ПщIэ зэхуэтщIу дыщыхъуащ
Ди еджапIэм, ди еджапIэм, ди еджапIэм!
(къытрегъэзэж)

ПлIым тIу хэплъхьэм, зэрыхъуар,
Тху къыхэпхым, къыщIидзар
ЗыдогъащIэ, зыдогъащIэ, зыдогъащIэ!
Есэп щIыным дыдоуш,
Еджэныгъэм дыдоущ,
ДощIэращIэ, дощIэращIэ, дощIэращIэ!
(къытрегъэзэж)

Ижь-сэмэгу, япэ-иужь,
ПлIимэ-щимэ, фIыцIэ-хужь
ДывогъащIэ, дывогъащIэ, дывогъащIэ!
Диувэнущ фи яужь,
Ди IуэхуфIхэр зи Iэужь
ЕгъэджакIуэ, егъэджакIуэ, егъэджакIуэ!
(къытрегъэзэж)

Дгъэбэгъуари дгуэшыжащ,
КъыщIидзари дыбжыжащ.
ДыеджакIуэщ, дыеджакIуэщ, дыеджакIуэщ!
Хъуэхъуфl куэди хуэдгъэшащ,
УэрэдыфIи къыхуитшащ
Ди еджапIэм, ди еджапIэм, ди еджапIэм!

Дэ щIэныгъэм дыхуишащ,
Насып гъуэгуи щыхэтшащ,
Ди еджапIэм, ди еджапIэм,ди еджапIэм!

ЗэзыдзэкIар
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***





# МУСЭ ДАДЭ ИIУЭТЭЖА ХЪЫБАР

Еуэщ аби, зэкъуэшитху псэурт. Ар мис мы Iэм пыт Iэпхъуамбитхуращ иджы. Абы я нэхъыжь мы пIащэр (Iэпхъуамбэшхуэр) модрей нэхъыщIиплIым ебзэджэкIырт: зэпымыууэ Iуэху иригъащIэрт, иригъэувэкIыурэ унафэ яхуищIт, игъагът. Мы нэхъыщIэ дыдэ IэпхъуамбэжьакIэ цIыкIум дапхуэдиз нэпс щIригъэгъэкIа! Ауэрэ, щIымахуэр къос. АпхуэдизкIэ уае къэхъуат, псэ зыIутыр псори щIыIэм исырти, Iэпхъуамбэхэм хуабэу зэхуэпащ. АрщхьэкIэ захуэгъэхуабэтэкъым. ИтIанэ, зэкъуэшиплIыр зэгурыIуэри, зэщIыгъуу зы Iэлъэ хуабэ щатIэгъащ, Iэпхъуамбэшхуэ бзаджэм и гугъу ямыщIу. Уоу, зэрыгъэхуэбэжри, гуфIэжахэщ. Иджы щIыIэм игъэдыкъыр Iэпхъуамбэшхуэм и закъуэт. Ар зэкъуэшиплIым ехъуэпсащ, елъэIуащ зэрыбзэджар къыхуагъэгъуну: «АфIэкIа зэи фи жагъуэ сщIыжынкъым. КхъыIэ, сызыкIэщIэвгъапщхьи сывгъэхуэбэж!» Iэпхъуамбэхэм я къуэшыр яфIэгуэныхь хъури, ягъэхуэбэжащ. Абы лъандэрэ а тхур зэнэзэпсэу зэдопсэу, зым адрейм и жагъуэ имыщIу.

Зытхыжар
*БАТЫР Людэщ*



*Мы хъыбарыр Теувэж Мусэ езым къигупсысагъэнкIи хъунущ. Мыр абы и къуэрылъху хъыджэбзиплIым я нэхъыжь Людэ хуиIуэтэжауэ щытащ игъэIущыну, иущиину, нэхъыщIэхэм лей ятрыримыгъэхьэну. Фэри апхуэдэ хъыбархэр фщIэмэ, къытхуэфтх.*

АБРОКЪУЭ Беллэ



# ЗЭКЪУЭШИТХУ

Iэпхъуамбэшхуэ – Iэпхъуамбэпщщ,
Ар гъумыщIэщ икIи кIэщIщ.
Iэпхъуамбапщэ – щхьэпс щIыкIейщ,
КъыIэрыхьэмкIи нэпсейщ.
Къахуоплъыхыр, Iэпхъуамбащхьэ,
ПфIощI а кIыхьыр тету Iуащхьэ.
Iэпхъуалъэпэ – Iэпэ щэхущ,
Къаруушэщ, и фэр – шэхущ (абы лъы хаш).
ЦIыкIужьей IэпхъуамбэжьакIэ
Фимыгугъэ тету жьакIэ.
А ерыщыр гусэрейщ,
ЩагъэкIауэ, IэпэтIейщ.



# БЖЭРЫБЖЭ

Iэпхъуамбэшхуэ гъумщ, пщы закъуэщ.
Iэпхъуамбапщэ – Iуащхьэ щхьитIщ.
Iэпхъуамбащхьэ – шабзэу захуэщ,
Iэпхъуалъэпэ – шэнт лъакъуиплIщ.
ЦIыкIужьейми, къуэш етхуанэр
Ягухьам, IэмыщIэ мэхъу.
Бий къатеуэм а зэшитхур
IэштIым быди зэрогъэхъу.



# ЖЭБАГЪЫ И ХЪУЭХЪУ

Зыпщ къуэ къыхуалъхуати, хьэщIэ къыхуепсыхауэ здэхъуахъуэм, Къэзанокъуэ Жэбагъы пщым и жылэмкIэ зэрыблэкIыр къыжраIащ.

– Жэбагъы дгъэхъуэхъуэнщ, – жари хьэщIэщым щIашащ:

– Пщым ехъуэхъу, Жэбагъы, къуэ къыхуалъхуащ, – щыжаIэм:

– Нобэ дунейм къытехьа щIалэр хьэнэу, джэдыпэу, фызыгуу, и цIэкIэ къемыджэу гъэпсэу! – жери хъуэхъуащ, шэсыжри и гъуэгу техьэжащ.

Гупыр егупсысри, Жэбагъы и хъуэхъур зэхащIыкIакъым.

– Къыдохъуэхъу жытIэурэ къыдэхъуэнащ: фыкIуи къевгъэгъазэ, – жари шу лърагъэжьащ.

Гупым къахыхьэжри, хъуэхъум къригъэкIар къажриIащ Жэбагъы:

– Хьэм и нэм нэхъ жан щыIэкъым, джэдым и пэм нэхъ шэрыуэ щыIэкъым, жьэгум щыдэсым деж фызым нэхърэ нэхъ гушхуэ щыIэкъым, нэхъыжь щхьэщытыху, щIалэм и цIэкIэ еджэркъым. Нобэ дунейм къытехьа щIалэр нэ жан, шэрыуэ, гушхуэ зыкIуэцIылъ ирехъу, и нэхъыжь куэдрэ къыщхьэщрет! Аращ сызэрехъуэхъур.



# МЭЛ ЩОХЪУ

Илъэс-илъэситІ ныбжьым ит сабийм и Іэ лъэныкъуэр яІыгъыу и Іэгудыгъуэм ІэпэкІэ ирикІуэурэ жаІэ:

«Мыбдеж мэл щохъурэ,
Мыбдеж хъурэ мэджэгурэ.

Іэпэхэм зэрызу теІэбэурэ:

Мыбы кІапэ ебзырэ,
Мыбы бзыгъэ етырэ,
НакІуэ-сыкІуэ, дыгъэкІуэж
Дымышхэу дыкІуэжын?
Еуэ-еуэ, пщафІэжь цІыкІу,
Еуэ-еуэ, пщафІэжь цІыкІу,
Еуэ-еуэ, пщафІэжь цІыкІу», –

жаІэурэ ІэпхъуамбэжьакІэм тоуІуэ.
Абы сабийр егъэдыхьэшх.



# ІЭБЭДЗЫУЭ

Балигъым илъэситІ-щы зи ныбжь сабий цІыкІум и ІэщІыфэр, епІэскІу щІыкІэу, ІэпитІкІэ иубыдурэ, и Іэхэр зыр зым и щІыІу телъу зэрырегъэубыд. ИтІанэ мыр жеІэ:

Іэбэдзыуэ,
Дзыуэ, дзыуэ,
Іэбэдзыуэ,
Дзыуэ, дзыуэ.
«Тыр-р-р», – жиІэу лъэтэжащ.

Ар здэлъэтэжауэ балигъым иригъэлъагъумкІэ цІыкІур щыплъэкІэ, мо бэлэрыгъар «кІыл-кІыл» жиІэурэ егъэкІыл. Сабийр мэдыхьэшх.

## ЦIЫКIУХЭ, НЫБЖЬХЭМ Я ТЕАТР ФХУЗЭХЭЛЪХЬЭНУ?

Абы хэтынухэр дэ сурэткIэ фэдгъэлъагъунущ, фэ Iэпхъуамбипщ|ыр къэвгъэсэбэпурэ я хъыбарыр зэхэфлъхьэнщ. НэхъыфIу къызэхъулIэр телевиденэм ирагъэблэгъэнущ.

Хэтхэр: хьэ, бзу, адакъэ, тхьэрыкъуэ, вы, тхьэкIумэкIыхь, нэщIэпкIэ, къаз, пыл, нэгъуэщIхэри.




КІЭПХЪ


НЭЩІЭПКІЭ


ВЫ


ПЫЛ


ХЬЭ


АДАКЪЭ



# ТЫГЪЭШХУЭ

## (Шахматым и тхыдэ)

Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум къыдэгъуэгурыкIуэ зэрыджэгу Iэмэпсымэщ шахматыр. Ар Индием къыщагупсысауэ щытащ, хъыбар куэди иIэщ. А зэманым къэралым пащтыхьыгъуэр щызыIыгъа Шерам шахматыр щрагъэлъэгъуам хуабжьу игъэщIэгъуауэ жаIэ. Ар къэзыгупсысар езым и къэралым щыщу къыщищIэм, Iущагъышхуэ зыхэлъ а цIыху телъыджэр и нэкIэ зригъэлъагъуну, саугъэти иритыну мурад ищIащ.

ДжэгукIэ хьэлэмэтыр къэзыгупсысар Сетэ егъэджакIуэрт. Ар хуэмыщIауэ псэут.

– Сетэ, уэ къэбгупсыса гъэщIэгъуэным папщIэ саугъэт лъапIэ уэстынущ, – жеIэ пащтыхьым. – Узыхуей дыдэр пхуэсщIэну укъызогъэгугъэ, жыIэ закъуэ.

Сетэ, зыри жимыIэу, и щхьэр гъэщхъауэ щытт.

– УмыукӀытэу жыӀэ узыхуей дыдэр, – тригъэгушхуащ ар пащтыхьым. – Уи фӀэщ щӀы, уэр щхьэкӀэ зыми сэ сыщысхьынкъым.

– Уи гулъытэр инщ, щӀыхьышхуэ зыхуэтщӀ, – жеӀэ щӀэныгъэлӀым.– Ауэ сымыгупсысэу хъунукъым, пщэдей пщӀондэ пӀалъэу къызэт.

ЕтӀуанэ махуэм Сетэ къытригъэзащ. Абы и лъэӀур щызэхихым, пащтыхьым игъэщӀэгъуащ.

ЩӀыхь зыхуэтщӀ, – жеӀэ лӀы Ӏущым. – А шахмат пхъэбгъум и япэ клеткэм папщӀэ зы гуэдз хьэдзэ закъуэ къызэт...

– Зы гуэдз хьэдзэ цӀыкӀуи?

– НтӀэ, зы гуэдз хьэдзэ къызэрыгуэкӀ. ЕтӀуанэ клеткэм папщӀэ хьэдзитӀ, ещанэм – хьэдзиплӀ, еплӀанэм – хьэдзий, етхуанэм – хьэдзэ 16, еханэм – хьэдзэ 32-рэ...

– Куэдщ, – къигъэувыӀащ ар пащтыхьым. – КъызгурыӀуащ. Япэ итым нэхърэ къыкӀэлъыкӀуэр хуэдитӀкӀэ нэхъыбэ хъууэрэ, клеткэ 64-м гуэдз хьэдзэу хуэзэр уэ къыуатынщ. Ауэ сэ си гугъэмрэ а уэ узыщӀэлъэӀумрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. КӀуэ, бжэӀупэм къащежьэ, си лэжьакӀуэхэм уи гуэдз хъуржыныр ныпхущӀахынщ.

Шэджагъуашхэм ирихьэлӀэу пащтыхьым игу къэкӀыжащ шахматыр къэзыгупсысар къызэригъэгугъар, икӀи абы гуэдз тӀэкӀур иратарэ ирамытарэ кърigъэщӀэну зыгуэр игъэкӀуащ.

– Зи щӀыхьыр лъагэ, – жеӀэ къэзыгъэзэжа ӀуэхутхьэбзащӀэм. – Уи унафэр ягъэзащӀэ. Математикхэм а лӀым иратыну гуэдз хьэдзэ бжыгъэр къалъытэ.

Пащтыхьым нэщхъ ищӀащ. Ар есатэкъым и унафэм апхуэдиз пӀалъэ къыхагъэкӀыу.

Пщыхьэщхьэм гъуэлъыжыным ипэ къихуэу пащтыхьыр аргуэру зэщӀэупщӀащ Сетэ и гуэдз тӀэкӀур дихарэ димыхарэ.

– Зи щӀыхьыр ин, – къыжраӀэ абы аргуэру. – Уи математикхэм Ӏуэху тращӀыкӀыркъым. Абыхэм я мурадщ нэхущыр къэмысу зэфӀагъэкӀыну.

– Мы Ӏуэхур мыпхуэдизу кӀыхьлӀыхь щӀэхъуар сыт?! – къогубжь пащтыхьыр.

– Пщэдей сыкъэмытэдж щӀыкӀэ Сетэ гуэдз къэп Ӏэрывгъэхьэ. Зыгурывгъаӏуэ сэ тӀэу унафэ зэрызмыщӀыр!

Математикхэм я Ӏэтащхьэр пщэдджыжьым жьыуэ пащтыхьым и деж щӀыхьащ.

– А укъыщӀэкӀуа Ӏуэхум и пэ къихуэу сэ сщӀэну сыхуейт Сетэ и гуэдз тӀэкӀур ефтарэ евмытарэ, – жеӀэ Шерам.

– Аращ сэ езыр сыкъыщӀэкӀуар. Ар апхуэдизкӀэ куэдыщэ мэхъури...

– Сыт хуэдизкӀэ мыкуэдми, ефт зы хьэдзэ мычэму! – мэгубжь пащтыхьыр.

– Зи щӀыхьыр лъагэ, мы дуней псор, щӀыри псыри зэхэту, гуэдзу пщӀэмэ, абы къытекӀыну къудейщ ар зыщӀэлъэӀум хуэдиз, – жиӀащ математикым.

*Зытхыжар*
*ЖУРТ Бибердщ*



## ЖЫГЩIАГЪ

«ЖыгщIагъ» проектымкIэ адыгэ дунейм хохьэ ди сабийхэр илъэситI хъуауэ. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм ирихьэлIэу ар къызэрегъэпэщ Америкэм щыпсэу ди лъэпкъэгъу, абы щыIэ университетым и егъэджакIуэ ***Жыгун Лидэ***.



Нэгъабэ сабийхэм зэрагъэцIыхуащ ди щIыналъэм къыщыкI жыгхэм я адыгэ фIэщыгъэцIэхэр.

Лъэпкъ IэщIагъэхэм ящыщу – адыгэ фащэм зэрелэжьыр, упщIэ зэрагъэапцIэр, щIакIуэ зэращIыр арджэн зэрызэIуащэр зэрагъэщIащ, лъэпкъ Iэмэпсымэхэр ялъэгъуащ, шууэ къажыхьащ.



Мы гъэми адыгэшым ехьэлIа Iэмэпсымэхэр къацIыхуащ, адыгэ уанэр дуней псом цIэрыIуэ щIэхъуар, ар къызыхэщIыкIа фэм зэрелэжь щIыкIэр зэрагъэщIащ. Адыгэбзэм и макъхэри джэгуурэ къацIыхуу, радиокIэ псынщIэрыпсалъэ щаIуатэу, псысэ зэхалъхьэрэ сурэткIэ ящIыжу, ятIэгъуэплъым езыхэр зыхуей хьэпшып цIыкIухэр къыхащIыкIыу екIуэкIащ.

***ЕЛЕЙ Миланэ***







# Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэ

Блэкӏа мазэм Налшык псапащӏэ гъэлъэгъуэныгъэ щекӏуэкӏащ. А ӏуэху дахэр хэкум къэзыгъэзэжахэм я Махуэм, иджы етӏощӏанэу ягъэлъапӏэм, ирагъэхьэлӏат.

Мы гъэлъэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщын ипэ «Хэку» зыфӏаща мастер-класс, ӏэкӏэ щӏа сурэткӏэрэ тхылъымпӏэ зэмыфэгъу бзар сурэт теплъэ щӏыжынкӏэ ирагъэкӏуэкӏат.



Мастер-классыр Сирием къикӏыжа ди хэкуэгъу сабийхэм зыщагъэпсэху «Лебедь» санаторэм щекӏуэкӏащ. Абы хэтащ Тыркум къикӏыжауэ Налшык щыпсэу ди хэкуэгъу сабийхэмрэ ди республикэм щыщ сабий зыбжанэрэ. Ирата темэр: езы ныбжьыщӏэхэм я нэкӏэ Хэкур зэралъагъур тхылъымпӏэм къыщыгъэлъэгъуэнырщ. Сабийхэр, я егъэджакӏуэхэр – Сирием къикӏыжа ди хэкуэгъухэу ***Апыш Бибарсрэ*** сурэтыщӏ, егъэджакӏуэ ***Кӏэрэф Альбинэрэ***, ягу утӏыпщауэ творческэ лэжьыгъэм занщӏэу еувэлӏащ. Нэхурэ нэщхъыфӏэу сурэт гъэщӏэгъуэнхэр ящӏри, а псапащӏэ гъэлъэгъуэныгъэм халъхьащ.



Уэрэзей Афлик и усэ тхылъхэмрэ (урысыбзэкӏи адыгэбзэкӏи псапащӏэ ӏуэхум и унагъуэм хухалъхьахэр) Хэкум къихьэжа адыгэ сабийхэм я сурэтхэмрэ ящащ.

Къыхэкӏа ахъшэр (сом минипщӏ нэс) Сирием къикӏыжауэ иджы Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу ди хэкуэгъу унагъуэм иратащ.

***ШЭРДЖЭС Дэбагъуэ***





ФИ НЭГУ КЪЫЩIЭВГЪЭХЬЭ ХЬЭ ФIЭКIА НЭГЪУЭЩI
ПСЭУЩХЬЭ ЗДЭЩЫМЫIЭ ДУНЕЙ ГУЭР...
3506 ГЪЭМ А ДУНЕЙМ ИIЭНУР СЫТ ХУЭДЭ ТЕПЛЪЭУ ПIЭРЭТ?



МЫ СУРЭТЫМ ЩЫУАГЪЭ ЗЭХУЭМЫДЭУ 10 ХЭТЩ.
КЪЫФХУЭГЪУЭТЫНУ АХЭР?




ANORAK сабий журналым къитхащ




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 9 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
03.09. 2018 г.
Выход в свет 27.09. 2018
Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2155 экз.
Заказ № 211
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.